



OFISYÈL LASANTE YO VLE FE FLORIDYÈN SONJE SIY KRIZ KADYAK YO

UPDATED: 02/2014

Kòm moun Laflorid yo kòmanse rekouvri sou siklòn la, Ofisyèl lasante mande pou tout moun, espesyalman moun ka p fè anpil aktivite fizik, pou yo pran prekosyon sou tout siy ki parèt pou kriz kadyak.

Malgre gen kriz kadyak ki vin sibitman e fò, anpil ladan yo kòmanse dousman, avèk ti doule oubyen ti diskonfò. Si ou gen yon moun avèk ou ki kòmanse genyen ti doule nan pwatrin, espesyalman si la p montre lòt siy kriz kadyak rele 9-1-1 imedyatman.

Pwen Prensipal yo

- Konnen siy kriz kadyak yo.
- Rele 9-1-1 imedyatman si ou mwen oswa yon moun genyen yon nan siy sa yo.
- Viv yon vi ansante pou kapab redwi chans pou vin genyen yon kriz kadyak.

Sentòm Avètisman pou Kriz Kadyak

- Yon kriz kadyak rive lè pwovizyon san nan kè an redwi tankou lè atè ki ale sou kè yo amensi oswa bloke ak grès e kolestewòl. Sa evite kè an jwenn san ak oksijèn li bezwen yo. San oksijèn, selil nan kè an kòmanse pou mouri. Plis tan ki pase san tretman, pi gwo andomajman nan kè an pral ye.
- Ou kapab genyen youn oswa plis nan sentòm avètisman kriz kadyak sa yo:
 - **Diskonfò nan pwatrin ou** Ou santi yon presyon ki pa konfòtab, plen, presyon, oswa doule nan mitan pwatrin la. Sa ka rete pou kèk minit oswa li ka ale epi retounen.
 - **Doule nan pati anwo kò w.** Sentòm yo ka enkli doule ak diskonfò nan yon oubyen to de (2 bra yo, nan do, kou, machwa oubyen lestomak.
 - **Souf koupe** Sa ka rive avan oswa ansanm ak diskonfò nan pwatrin la.
 - **Lòt sentòm yo.** Ou kapab vin kòmanse gen transpirasyon frèt, noze, oswa santi tèt ou leje tankou toudisman.
- **Fanm yo ka genyen kèk oswa okenn nan siy komen kriz kadyak yo.** Fanm yo ka genyen:
 - Vomisman
 - Noze
 - Doule nan do, zepòl, bra, gòj, oswa kou
 - Anpil transpirasyon
 - Souf koupe
 - Fatig
 - Endijesyon oswa doule nan lestomak
- Si ou men oubyen yon lòt moun ap montre youn oswa plis nan siy sa yo, pa inyore yo. **Rele 9-1-1 pou ka jwen swen medikal imedyatman.**

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.floridahealth.gov oswa www.floridadisaster.org.

Pou plis enfòmasyon leta ak federal sou kadijans ak plannin pou dezaz, vizite sitwèb sa yo: www.redcross.org, www.ready.gov oubyen www.fema.gov.

Liy Enfòmasyon pou Kadijans nan Florid: 1-800-342-3557